# BIRALE CI YIIRKATI SAÑ-SAÑI DOOM-AADAMA YI

*Déclaration sur le droit et la responsabilité des individus, groupes et organes de la société de promouvoir et protéger les droits de l'homme et les libertés fondamentales universellement reconnus*

09.12.1998

GÀPPUB NANGUTEY BIRALE BI | TÀNNU CI MBOOLOO MU MAGUM MBOOTAAYU XEET YI

## ÑAN ÑOO DI YIIRKAT YI ?

Ay jigeen ak i góor yu booloo ngir wegeelug sañ-sañi doom-Aadama yu deme ni sañ-sañi jigeen ñi, sañ-sañi way dëkkey-réew yi walla sañ-sañi jigeen ñiy séyante, góor-jigeen yi, njéll-awra yeek awrante yi. Nit ñi mën nañu yëngu ci seen coobarey bopp walla ci biir i mbootaay.

## NEES DI DIMMALEE YIIRKATI SAÑ-SAÑ DOOM AADAMA YI?

- siiwalléen Biraleb réewoo-réew yi ci yiirkati yi ci ñi léen wër
- bokkléen ci way-xaley liggeeyub yiirkat yi ci seen réew
- jàppaleléen mbootaay yi leen di aar Sañ-sañi
- takkuléen ngir yiirkat yi nekk cig mbamb
- Ñépp (góor ak jigeen) a am sañ-sañ ak wareefu suuxat ak aar sañ-sañi doom-aadama yi

## LAN MOOY CËSLAAYU BIRALE BII?

Birale baa ngiy roy, di dëgëral ak a niiru ci sàrti yoonu réewoo-réew yi gëtënu ci fànnub sañ-sañi doom-aadama

## SAÑ-SAÑ AK KAARAANGE YI ÑU JAGLEEL YIIRKATI SAÑ-SAÑ DOOM AADAMA YI

- SUUXAT SAÑ-SAÑI DOOM-AADAMA YI SEEN RÉEW AK CI ÀDDUNA BI
- YIIR SAÑ-SAÑI DOOM-AADAMA YI KENN KENN WALLA CI MBOOLOO
- SOS AY MBOOTAAY WALLA AY KUREL
- DAJALOO AK BOOLOO CIG DAL
- GÓOB AK SIIWAL AY XIBAAR SAÑ-SAÑI DOOM-AADAMA YI
- FEENT AY SÀRT AK XALAAT YU YEES CI SAÑ-SAÑI DOOM-AADAMA YI
- JOX KILIFA YI AY NDENKAANE NGIR GËN A BAAXAL CAYTUWIN WU ÑOD AK ARTU CI TËKKU YI JËM CI SAÑ-SAÑI DOOM-AADAMA YI
- JOOYTU DOXALIN AK JËFI PËSTE YI CI SAÑ-SAÑI DOOM-AADAMA YI
- JOXE NDIMBAL CI MBIRUM YOON AK I DIGLE NGIR KAARAANGEY SAÑ-SAÑI DOOM-AADAMA YI
- TEEWE, JATAAY AK DOXIN ÀTTEY PÉNC YI NGIR XOOL BA XAM NDAX MÉNGOO NAAK SAÑ-SAÑI RÉEW MI AK BU RÉEWOO- RÉEW YI
- JOKKOO BU AMUL KEM AK KUREL YI FEDDI NGUUR AK YOY NGUUROO-NGUUR YI
- JOTE CIB ÀTTEKAT NGIR NANGULU SEENI SAÑ-SAÑ
- JËFE CI YOON AK DOXAL CËRUB YIIRKATU SAÑ-SAÑI DOOM AADAMA
- DOON KU YOON DI AAR SAA YU ÑUY JALGATI SAÑ-SAÑI DOOM AADAMA
- ÀKKU, JOT AK JËFANDIKOO AY JUMTUWAAY NGIR SÀMM SAÑ-SAÑI DOOM AADAMA YI

SÀRT 1, 5, 6, 7, 8, 9, 11, 12 ET 13

## WARTEEFI NGUUR YI

- AAR, SUUXAT TE DËGGAL NJËFEM SAÑ-SAÑ DOOM AADAMA YI
- IFEXE BA NIT ÑÉPP XÉEWLU CI SAÑ-SAÑ DOOM AADAMA YI
- TÀNN BÉPP DOGALU YOON, NGUUR WALLA BENEEN BU YELL NGIR NJËFEM SAÑ-SAÑ DOOM AADAMA YI
- YOMBAL NJOTEEFUG YOON NIT ÑI DËGGAL NE DAÑU JALGATI SAÑ-SAÑI DOOM-AADAMA YI SAÑ-SAÑ DOOM AADAMA YI
- AMAL CI ANAM BU GAAW LUÑTU YU MÀNDU CI NJIIÑUM NJALGATIY SAÑ-SAÑ DOOM AADAMA YI
- JËL BÉPP MATUWAAY BU JAADU NGIR AAR KÉPP NIT CIY TOOÑEEF CI WÀLLU LIGGEEYUB YIIRKATU SAÑ-SAÑ DOOM AADAMAAM
- GËN A BÀYYILOOM XEL CI SAÑ-SAÑI NJÀMBURTE YI, YOY POLITIG, ASKAN AK MBATIT (CAADA) YI
- ÑAAXEEK DIMMALEE CI COSTEEK YOKKUTEY SANCEEFI RÉEW YU MOOM SEEN BOPP CI MBIRUM SAÑ-SAÑ DOOM AADAMA YI
- SUUXAT AK YOMBAL NJÀNG AK NJÀNGALEM SAÑ-SAÑ DOOM AADAMA YI

SÀRT 2, 9, 12, 14 ET 15

## WARUGARI KENN KU NEKK .E

- KENN KU NEKK AM NA WARUGARU SUUXAT SAÑ-SAÑI DOOM AADAMA YI AK SÀMM DEMOKARAASI BEEK I SANCEEFAM, TE BAÑ DI JALGATI SAÑ-SAÑI DOOM AADAMA YI
- KÉPP NIT KUY DEF LIGGEYU BU MËN A SALFAAÑE SAÑ-SAÑ DOOM AADAMA DEME NI NDAWI PÓLISIYÉ, AWOKAA AK ÀTTEKAT YI, WAR NAÑOO AAR SAÑ-SAÑ YOOYULE.

SÀRT 10, 11 ET 18

*Pour plus d'information :* ***www.protecting-defenders.org***

Design by Oh ! Ilaliss